

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan jeung pedaran ngeunaan modél pangajaran *Round Table* dina ngaronjatkeun kamampuh nulis sisindiran siswa kelas VIII H SMPN 5 Bandung taun ajaran 2016/2017, bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- 1) Kamampuh nulis sisindiran siswa kelas VIII H SMPN 5 Bandung taun ajaran 2016/2017 saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Round Table* kaasup kana katégoi can mampuh. Katitén tina rata-rata peunteunna 66,5 tina KKM 75. Ieu hal dumasar kana skor aspék anu dipeunteun nya éta eusi, organisasi eusi, kosa kecap, pamakéan basa, jeung éjahan. Tina 35 siswa, aya 29 siswa atawa 82,7% anu can nyumponan KKM atawa peunteun kurang ti 75, sedengkeun 6 siswa atawa 17,3% geus nyumponan KKM. Peunteun panggedéna 78, sedengkeun peunteun pangleutikna 40. Kamampuh nulis sisindiran dina aspék eusi rata-rata skorna 18,1 tina 25 kaasup kana kategori sedeng-cukup; dina aspék organisasi eusi rata-rata skorna 14,5 tina 20 kaasup kana kategori cukup hadé; dina aspék kosa kecap rata-rata skorna 14,2 tina 20 kaasup kana kategori cukup-hadé; dina aspék pamakéan basa rata-rata skorna 16,2 tina 25 kaasup kana kategori sedeng-cukup; dina aspék éjahan rata-rata skorna 3,5 tina 5 kaasup kana kategori sedeng-cukup.
- 2) Kamampuh nulis sisindiran siswa kelas VIII H SMPN 5 Bandung taun ajaran 2016/2017 sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Round Table* kaasup kana katégoi mampuh. Katitén tina rata-rata peunteunna 84,5 tina KKM 75. Ieu hal dumasar kana skor aspék anu dipeunteun nya éta eusi, organisasi eusi, kosa kecap, pamakéan basa, jeung éjahan. Tina 35 siswa, aya 27 siswa atawa 77,1% anu geus nyumponan KKM atawa peunteun leuwih ti 75, sedengkeun 8 siswa atawa 22,9% anu can nyumponan KKM. Peunteun panggedéna 93, sedengkeun peunteun pangleutikna 73. Kamampuh nulis sisindiran dina aspék eusi rata-rata skorna 24,6 tina 25 kaasup kana kategori cukup-hadé; dina

aspék organisasi eusi rata-rata skorna 17,4 tina 20 kaasup kana kategori cukup hadé; dina aspék kosa kecap rata-rata skorna 17,8 tina 20 kaasup kana kategori cukup-hadé; dina aspék pamakéan basa rata-rata skorna 20,4 tina 25 kaasup kana kategori cukup-hadé; dina aspék éjahan rata-rata skorna 4,4 tina 5 kaasup kana kategori cukup-hadé.

- 3) Dumasar kana hasil uji hipotésis katitén yén hasilna  $t_{itung} (11,43) > t_{tabel} (2,44)$ . Hipotésis alternative ( $H_a$ ) ditarima jeung hipotésis nol ( $H_0$ ) ditolak, modél pangajaran *Round Table* mampuh ngaronjatkeun kamampuh nulis sisindiran siswa kelas VIII H SMPN 5 Bandung taun ajaran 2016/2017. Ieu hal katitén tina rata-rata peunteun *pretes* 66,5, dina *posttest* rata-rata peunteunna ngaronjat jadi 84,5. Kamampuh nulis sisindiran dina aspék eusi rata-rata skorna 18,1 ngaronjat jadi 24,6; dina aspék organisasi eusi rata-rata skorna 14,5 ngaronjat jadi 17,4; dina aspék kosa kecap rata-rata skorna 14,2 ngaronjat jadi 17,8; dina aspék pamakéan basa rata-rata skorna 16,2 ngaronjat jadi 20,4; dina aspék éjahan rata-rata skorna 3,5 ngaronjat jadi 4,4.

## 5.2 Implikasi

Modél pangajaran *Round Table* digunakeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis sisindiran. Digunakeunna modél pangajaran *Round Table* jadi salasahiji cara pikeun numuwuhkeun sikep kréatif siswa dina ngamekarkeun ide atawa gagasan, parigel dina milih jeung makéna kecap, ogé éféktifna suasana diajar di kelas. Ieu modél pangajaran meunang sawangan anu positif ti guru jeung siswa, sabab dina prak-prakanna bisa ngirut siswa sangkan leuwih aktif jeung kréatif.

## 5.3 Saran

Dumasar kana hasil panalungtikan ngeunaan modél pangajaran *Round Table* dina kamampuh nulis sisindiran siswa kelas VIII H SMPN 5 Bandung taun ajaran 2016/2017, aya sababaraha saran pikeun panalungtikan ngeunaan modél pangajaran *round table* kahareupna.

- 1) Modél pangajaran *Round Table* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis sisindiran siswa. Ku kituna, ieu modél bisa dijadikeun salasahiji alternatif pikeun pangajaran nulis sisindiran.

- 2) Dina ngagunakeun modél pangajaran *Round Table*, guru kudu bisa ngokolakeun waktu anu geus ditangtukeun nalika unggal siswa nulis ide atawa gagasanna.
- 3) Perlu diayakeun deui panalungtikan ngeunaan modél pangajaran *Round Table* dina pangajaran anu séjén lain ngan saukur dina pangajaran nulis sisindiran tingkat SMP, sangkan bisa digunakeun dina pangajaran jeung tingkatan sakola anu séjén.